

Ti Etap vè gran rèv Inivèsite yo Yon patenarya pou avni pitit ou an

Byenvini nan Pwogram NYC Kids RISE Save for College la

Nou te kreye pwogram bousdetid ak ekonomi sa a pou fè Inivèsite vini pi aksesib e reyalizab pou chak elèv lekòl leta Vil Nouyòk NYC public school student. Fè premye etap yo pou ekonomize pou inivèsite kapab pati ki pi difisil la. Avèk Pwogram (the Save for College Program) ekonomize pou inivèsite a, nou deja fè premye etap la ansanm.



Enskri pitit ou a nan pwogram Ekonomize pou inivèsite a (Save for College Program)

NYC Kids RISE otomatikman enskri pitit ou a nan pwogram nan. Nou te louvri yon kont Bousdetid Vil Nouyòk pou yo epi depoze premye 100 \$ sou li pou edikasyon pitit ou an a lavni. Kont sa a envesti nan yon plan 529, yon kalite kont envestisman ki te kreye espesyalman pou ede fanmi yo ekonomize pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl. Lajan ki nan kont sa a ka itilize pou etid inivèsite ki de lane, kat lane, ak lòt pwogram fòmasyon pwofesyonèl nan Nouyòk ak nan tout lòt kote nan peyi a. Vizite nyckidsrise.org pou plis enfòmasyon an detay sou kijan lajan yo ka itilize nan Bousdetid Vil Nouyòk la.

Pa rate chans ou pou resevwa yon lòt 75 \$ anplis pou edikasyon pitit ou a anvan ane eskolè a fini.

Kisa pwochen etap la ye? 3 Blòk Konstriksyon yo

Kòmmanse jodi a, ou ka pran twa etap anplis avèk NYC Kids RISE anvan pitit ou a fini kindergarten. Sa yo se twa 3 Blòk Konstriksyon yo yo ki nan patenarya nou an pou ekonomize pou avni pitit ou an. Konplete etap sa yo ap ba ou opòtinite pou touche jiska plis ke 75 \$ anplis nan lajan pou inivèsite a.



Enskri sou entènèt pou w wè Kont Bousdetid Vil Nouyòk pitit ou a.



Louvri pwòp kont epay inivèsite ou a epi konekte li ak Kont Bousdetid pitit ou an.



Fè premye depo sou kont epay inivèsite ou an ki konekte a.

Pare pou pran pwochen etap la? Vizite nyckidsrise.org epi klike sou "View My Account" pou kòmmanse.

Jan pou konplete 3 Blòk Konstriksyon yo :



Enskri sou entènèt pou w wè Kont Bousdetid Vil Nouyòk pitit ou a.

- » Ale nan nyckidsrise.org epi klike sou "View My Account" pou kòmanse pwosesis enskripsyon an..
- » Si ou ranpli etap sa a anvan 26 Jen 2018, kont pitit ou a ap resevwa yon rekonpans 25 \$ nan NYC Kids RISE.
- » **Pou plis enfòmasyon:**
 - **Patisipe nan yon atelye Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a (Save for College Program).** Pou yon orè sou atelye k ap gen pou fèt yo, vizite nyckidsrise.org epi klike sou bouton wouj "Paran / gadyen" an, oswa mande nan lekòl pitit ou a.
 - **Rele NYC Kids RISE** nan 833-KID-RISE (833-543-7473) pou sipò avèk enskripsyon ak kesyon sou kont bousdetid pitit ou an.



Louvri pwòp kont epay inivèsite ou a epi konekte li ak Kont Bousdetid pitit ou an.

- » Gen anpil fason pou ekonomize pou inivèsite. Vizite nyckidsrise.org/options pou eksplòre opsyon kont epay inivèsite a aepi chwazi youn ki fè sans pou oumenm ak fanmi ou.
- » Si ou ranpli etap sa a lè ou konekte yon kont epay inivèsite nan kont bousdetid pitit ou a anvan 26 Jen 2018, NYC Kids RISE ap depoze yon lòt 25 \$ nan kont bousdetid pitit ou a.
- » **Pou plis enfòmasyon:**
 - **Patisipe nan yon atelye Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a (Save for College program).** Pou yon orè sou atelye k ap gen pou fèt yo, vizite nyckidsrise.org epi klike sou bouton wouj "Paran / gadyen" an, oswa mande nan lekòl pitit ou a.
 - **Rele NYC Kids RISE** nan 833-KID-RISE (833-543-7473) pou referans pou envesti ak espesyalis bankè yo.
 - **Vizite yon Sant Abiliteyasyon Finansye NYC** gratis, konfidansyèl, pou konsèy finansye fasafas pou ede ou konprann opsyon kont ou epi fè yon plan pou kòmanse ekonomize. Pou pran yon randevou, rele 311 oswa vizite nyc.gov/dca.



Fè premye depo sou kont epay inivèsite ou an ki konekte a.

- » Etap pa etap. Vizite [nyckidsrise.org/start-saving] pou zouti ou ka itilize pou kòmanse ekonomize kounye a epi fè yon plan pou kontinye ekonomize.
- » Si ou depoze omwen 5 \$ nan kont epay inivèsite ou konekte a anvan 26 jen 2018, NYC Kids RISE ap depoze yon lòt 25 \$ sou kont bousdetid pitit ou an.
- » **Pou plis enfòmasyon:**
 - **Vizite yon Sant Abiliteyasyon Finansye Vil Nouyòk** gratis, konfidansyèl, pou konsèy finansye fasafas pou ede ou fè yon plan pou ekonomize epi kenbe li. Pou pran yon randevou, rele 311 oswa vizite nyc.gov/dca.
 - **Patisipe nan yon atelye Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a.** Pou yon orè nan atelye k ap gen pou fèt yo, vizite nyckidsrise.org epi klike sou bouton wouj "Paran / gadyen" an, oswa mande nan lekòl pitit ou a.

Poukisa kòmanse ekonomize pou inivèsite kounye a?

Tan an anfavè ou: Kòmanse ekonomize pou inivèsite lè pitit ou a jenn ka fè yon gwo diferans nan tan pou timoun kindergarten ou an rive nan inivèsite.

Li prepare pitit ou an pou siksè:

Rechèch montre ke timoun ki gen yon kont epay ki gen ant 1 \$ jiska 500 \$ sou kont yo, gen twa fwa plis chans pou enskri nan inivèsite. Yo menm tou gen plis pase kat fwa chans pou yo gradye.

Edikasyon siperyè ka koute anpil:

Inivèsite ak pwogram fòmasyon espesyalize souvan koute anpil lajan.

Ekonomize plis kounye a ka vle di mwens dèt elèv demen:

Prete lajan fè pati anpil èd finansye e yo ka pran yon long tan pou peye remèt.

Inivèsite fin peye: Elèv ki gradye nan inivèsite touche salè pi wo pandan vi yo. Yo menm tou yo gen mwens chans pou yo pata pap travay.

Envesti nan pitit ou—ekonomize pou inivèsite

CHACHE KONNEN KI JAN NAN nyckidsrise.org

833-KID-RISE (833-543-7473)

NYC Kids RISE Save for College se yon pwogram bousdetid ak ekonomi ki fèt pou fè inivèsite vini pi aksesib e reyalyab pou chak elèv lekòl leta Vil Nouyòk-kèlkeswa revni fanmi an oswa stati imigrasyon yo. NYC Kids RISE, yon òganizasyon charitab, ki jere program Ekonomize pou Inivèsite a (The Save for College Program) la an patenarya avèk Depatman Edikasyon vil NYC ak Vil Nouyòk la.

1234 March 2018

NYC
KIDS
RISE™

NYC | Office of the Mayor | Department of Education

Materyèl sa yo te riveposib an pati gras ak sipò Citi Community Development.

GRAY
FOUNDATION